



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Piblikasyon Imedyat
April 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

**** PAPYE ENFOMASYON SOU SIKLÒN TWHOPIKA/SIKLÒN

**OFISYÈL LASANTE MANDE POU PRAN PREKOSYON SOU FATIG CHALÈ
(HEAT EXHAUSTION)**

TALLAHASSEE – Kòm moun Laflorid yo kòmanse rekouvri de sou Siklòn Twopikal/Siklòn, Ofisyèl lasante mande pou tout moun pou yo pran prekosyon sou tout siy fatig chalè (Heat exhaustion). Fatig chalè (Heat exhaustion) se yon yon fòm de maladi ki devlope apre kèk jou apre ke ou te ekspoze anba tanperati ki who anpil avèk mank oubyen ranplasman likid ki pa balanse. Moun ki nan plis risk pou yo soufri fatig chalè se granmoun èdè yo, moun ki soufri tansyon ak moun k'ap travay oubyen fè egzèsis nan enviwonman ki cho.

SIY PREKOSYON POU FATIG CHALÈ GEN ANPIL VARYETE MEN YO KA ENKLI SIY SA YO:

- Transpire anpil
- Vin koulè pal
- Kranp nan misk
- Fatig
- feblès
- Vètij
- Maltèt
- Kèplen oubyen vomisman
- Endispoze
- Po kò-a swye e vin frèt t
- Kè-a bat vit epi pa fò
- Respirasyon-an: frapid epi kou

Si yo pa trete shòk la, malad la ka sibi yon gwo atak chalè. Si ou wè siy sa yo ale kay doktè imedyatman:

- Sentòm yo sevè.
- Viktim la gen problèm kè ak soufri tansyon wo.

Alekile, ede viktim la pou li nan yon kote ki pi fre pou li ka refwadi. Kò l e fè l ale kay doktè si sentòm vin pli mal oubyen rete plis ke inè detan.

KISA POU M FE SI MWEN SIPEK FATIG CHALÈ :

Fason efektif pou rafreshi ka enkli bagay sa yo:

- Bay bwè dlo frel, nPa bay li likid ki gen alkòl, tankou doktè an endike
- Repoze nan yon kote ki gen èkondisyone.
- Pran yon ben fre, nan basen oubyen avèk yon eponj
- Mete rad fre e leje
- Itilize sunskrin 30 spfm pou evite pran kout solèy, ki ka lakòz ke pò pèdi abilite pou elimine chalè,



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou plis enfòmasyon, vizite site Dèpatman Lasante a <http://www.doh.state.fl.us> oubyen www.FloridaDisaster.org.

Florida Enfomasyon Ijans Nimewo Telefòn : 1-800-342-3557

Enfòmasyon Piblik Pou sipò fonksyon Ijans : (850)-921-0384

###